

LÈ GEN YON PWOSE POZE SELE SOU KAY OU

Se Legal Services of Greater Miami, Inc.(LSGMI) ki te prepare ti livrè sa. LSGMI reprezante mèt kay ki an difikilte pou peye kay yo e ke la bank ap eseye poze sele sou kay yo. Chomaj, divòs, lanmò ak move pratik prete lajan pou achte kay mete mèt kay an danje pou yo pèdi kay yo. Si yo vle sezi kay ou, ou k ab vle jis anvi bay bag epi ou kite yo pran kay la. Pa dekouraje! Ou ta dwe tcheke yon avoka pou w konnen ki opsyon ou genyen. Ti feyè sa a la sèlman pou bay enfòmasyon jeneral sou opsyon ou kapab genyen e li pa reponn a pwoblèm espesifik ou genyen an. Ti feyè sa pa kab sèvi pou yon ka patikilye. Si w gen yon kesyon sou enfòmasyon ki nan ti feyè sa, ou ta dwe kontakte yon avoka osito posib. Si w pa kapab peye yon avoka, ou kapab kontakte LSGMI nan youn nan biwo li yo ki make anba nèt nan ti feyè sa, pou wè si w kalifye pou sèvis nou.

Mwen an reta nan peman kay mwen, kisa mwen ta dwe fè?

Kontakte bank la oswa konpayi ipotèk ou a pou w konnen si yo va ede w. Ou ta dwe mande pou w pale ak depatman ki okipe li de koze defisi oswa pèt. Depatman sa travay ak pwopriyetè ki pa kapab peye kay yo a lè, ki an reta sou peman. Jeneralman, li miyò pou w kontakte konpayi ipotèk la osito ou gen yon pwoblèm.

Li posib pou la bank la ofri w yon antant ki ta kapab pèmèt ou ratrape w. Si w pa kapab peye sa yo mande w la, eseye negosye avèk bank la pou w sa jwenn yon antant sou kantite lajan ou an mezi peye. Epiou bank la gen dwa deside pou li mete dèt ou a nan fen kontra ipotèk la.

Anpil moun ki prete lajan pou achte kay plenyen sou pwosesis depatman ki la pou okipe li de koze defisi yo. Byen souvan ou va oblije rele bank la nan telefòn plizyè fwa epi bank la va mande pou w voye prèw pou w montre kantite kòb w ap touche. Anpil pworietè gen difikilte jwenn yon anplwaye bank la ki va ede yo. Pou evite pwoblèm, ou ta dwe toujou ekri non konplè, tit ak nimewo telefòn chak moun ou pale avè yo. Li posib pou chak fwa ou rele ke se a yon moun diferan ke ou pale. Kenbe kopi tout dokiman ou voye ba bank la. Si w aksepte yon antant pa telefòn, ou ta dwe ekri yon lèt ba la bank la pou konfime aranjman ki nan antant la. Si bank la voye yon akò pou w siyen, asire w ou byen konprann tout sa ki nan akò a. Pa aksepte yon aranjman si ou pa an mezi peye.

Pwogram Lojman Prezidan Obama a ofri plizyè opsyon pou pwopriyetè kay ki gen pwoblèm ki riske pèdi kay yo oswa moun ke yo gentan depoze dosye poze sele nan tribinal pou yo. A travè pwogram sa, pwopriyetè rezidansyèl yo kapab jwenn yon opòtinite pou yo modifiye oswa refinanse kay yo pou yon aranjman ki miyò. Si bank pa w la te refize ede w anvan, oswa si yo di yo pa te patisipe nan ankenn pwogram, ou ta dwe kontakte yo ankò. Epitou ou kapab ale sou sit entènèt gouvènman an <http://makinghomeaffordable.gov/> pou plis enfòmasyon.

Dènye chnajman nan Pwogram Lojman Prezidan Obama a mete yon kondisyon ke konpayi ipotèk la dwe voye yon avi ba pwopriyetè kay la pou fè li konnen ke li Pa Apwouve Li epi avi a dwe di ki rezon ki fè yo pa apwouve li a epitou:

- Enkli yon deskripsyon pou pwopriyetè kay la sou lòt opsyon li kapab elijib, tankou lòt pwogram modifikasyon, vann kay la pou mwens kòb ke li dwe bank la, oswa transfere remèt bank la papyè kay la; epi
- Idantifye etap mèt kay la dwe pran pou yo ka konsidere li pou opsyon sa yo.

Si konpayi ipotèk la gentan apwouve mèt kay la pou yon lòt pwogram, konpayi a ta dwe tou mete enfòmasyon ki nesèsè pou mèt kay la ranpli yo.

Konpayi ipotèk la pa gen dwa vann kay la nan yon delè 30 jou apre avi li voye ki fè konnen ke li pa apwouve mèt kay la oswa kantite tan li pran mèt kay la pou revize dokiman yo te voye yo sof si se pou rezon sa yo (1) pa elijib pou ipotèk, (2) kay la pa elijib, (3) mèt kay la pa aksepte òf la / yo te retire demand la, oswa (4) prè a te deja modfye selon HAMP.

Si se son ipotèk FHA ou genyen (Administrasyon Lojman Federal) ou gen dwa a lòt asistans toujou. Rele 1-888-225-5342 pou plis enfòmasyon. Ipotèk pou moun ki veteran yo (moun ki te nan lame) gen lòt asistans an plis pou mèt kay. Rele 1-800-827-1000 pou plis enfòmasyon.

Kisa yon poze sele ye?

Yon poze sele se yon pwose jidisyè ke yon konpayi ipotèk depoze nan tribinal lè yon moun pa peye kay ke li te achte a. A travè pwose sa, konpayi ipotèk la oswa bank la mande Tribinal la pou li vann kay la pou konpayi an kapab rekipere lajan li.

Mwen te resevwa dokiman tribinal pou pwose poze sele a. Kisa k ap fèt apre?

Yon fwa konpayi ipotèk la depoze pwose a nan tribinal, yo va pote yon Manda ak yon Plent ba wou. Swa cherif la oswa yon wisye ap remèt ou plent la. Epitou yo kapab remèt Manda a ansanm ak Plent la ba nenpòt moun ki nan kay la depi li gen plis pase 15 lane sou tèt li.

Ou ta dwe pale ak yon avoka imedyatman si yo remèt ou dokiman pwose poze sele a. Sa enpòtan anpil si w kwè ke konpayi ipotèk la te pran avantaj sou wou oswa si w se yon viktim fwod ki gen rapò ak poze sele. Pou w jwenn yon avoka ki

reprezante konsomatè, ou kapab kontakte Asosyasyon Nasyonal Avoka pou Konsomatè yo <http://www.naca.net/find-attorney>

Epitou ou kapab tcheke paj jon anyè telefòn yo pou w jwenn non avoka prive. Nou sijere w tou pou w tcheke ak zanmi ak fanmi yo kapab rekòmande w. Legal Services of Greater Miami, Inc. reprezante tou moun ki pa touche anpil kòb ki gen pwoblèm kote yo poze sele sou kay yo.

Epitou ou kapab rele Sèvis Referans Bawo Avoka nan Konte Dade la nan (305) 371-2646 pou non, adrès ak nimewo telefòn yon avoka ki nan zòn ou rete a ki plede jan de ka ou dekri a. Ou kapab mande pou yon avoka ki pa chaje anpil lajan. Si w kalifye, yo va refere w ba yon avoka ki pa chaje anpil lajan.

Sèvis Referans Bawo Avoka a jeneralman chaje \$50.00 a lavans pou refere w ba yon avoka. Mentou, si w kalifye epi ka ou tonbe nan youn nan kategori sa yo: Medikè, Mediked, Benefis Militè, Benefis Veteran, Sosyal, Enfimite, Fayit Pèsonèl oswa Poze Sele, yo kapab ba w yon rabè pou referans la. Ou dwe peye frè a pa kat kredi nan telefòn nan; oswa an pèsòn, chèk postal oswa kash. Avèk peman sa, ou va jwenn 30 minit konsiltasyon avèk avoka yo ba wou a. Apre premye vizit ou a sa depann de wou si w vle kenbe avoka a pou kontinye avèk ka ou a.

Si w pa gen yon avoka eke ou reponn oumenm a pwose a, ou dwe swiv enstriksyon sa yo:

- **Li Manda a ak Plent la**

Pou kòmanse, ou ta dwe li Manda a ak Plent la pou Pwose Poze Sele a. Manda a ak Plent la va ba w enfòmasyon enpòtan sou pwose a, tankou reklamasyon konpayi ipotèk oswa bank la ap fè yo ansanm ak direktif ou dwe swiv. Yo va refere a konpayi ipotèk la kòm “Pleyan” (pati k ap depoze

pwose a) e ou menm ou se “Akize” a (pati y ap asiyen an). Lè ou fin li Manda a ak Plent la, ou kapab kòmanse prepare Repons ou a.

- **Ekri yon Repons a Plent la**

- Yon “Repons” se lè ou reponn a lekri a reklamasyon konpayi ipotèk oswa bank la fè kont ou nan Plent la. Epitou se yon opòtinite pou wou pou w eksplike pou ki sa bank la pa ta dwe fòse vann kay ou a. Ou dwe depoze Repons ou avèk Konmi Tribinal la. Ou dwe soumèt Repons ou a nan 20 jou apre yo fin remèt ou Manda a ak Plent la. Si delè a tonbe yon samdi, dimanch oswa yon jou ferye, ou dwe depoze Repons la pwochen jou Tribinal la ouvri a.

Repons ou a ta dwe endike nenpòt bagay ki nan Plent la ke ou kwè ki pa verite oswa ki fo. Epitou Repons ou a ta dwe eksplike nenpòt rezon ki ta fè li enjis pou yo sezi kay ou a. Yo rele sa “Defans Afimatif.” Pa ekzanp, si w kwè ke bank la pa te fè sa li te sipoze fè konsènan ipotèk ou a oswa refize travay avè w pou evite pwose poze sele a, ou ta dwe bay detay sa yo nan Repons ou a. Answit si w panse kantite lajan yo mande nan Plent la pa kòrèk, ou ta dwe eksplike pou ki sa li pa kòrèk. Si w gen prèv ou peye kay la, ou ta dwe mete kopi yo ansanm ak Repons ou a.

Nan fen Repons ou a, siyen non w epi mete adrès ak nimewo telefòn ou. Epi ou dwe ekri ke ou poste yon kopi Repons ou a ba avoka bank la ansanm ak dat ou te poste li. Ou kapab poste Repons ou a pa la pòs san w pa peye ekstra.

- **Depoze Repons la avèk Konmi Tribinal la**

Lè ou fin ekri Repons ou a, fè plizyè kopi. Pote Orijinal la nan Biwo Konmi a pou yo Klase li. Nan Konte Miami-Dade, pi fò pwose poze sele klase nan Tribinal Konte Miami-Dade ki nan 73 W. Flagler Street, Miami, Florida. Li pa koute ankenn lajan pou w depoze Repons ou a. Mande konmi a pou li poze so sou kopi ou yo, pou w kapab pwouve ou te depoze Repons ou a. Asire w ke ou kenbe yon kopi Repons ou a pou dosye pa w.

Se ba “Florida Mortgage Company” m voye peman mwen yo. Pou ki sa se “National Bank” ki depoze pwose poze sele kont mwen?

Yo souvan vann ipotèk kay yo epi yo transfere yo ba bank yo. Li posib ke yo te vann ipotèk ou a ba yon lòt konpayi ipotèk. Nan Florida, pou depoze yon pwose poze sele, pleyan an dwe gen ipotèk la ak kredi a sou non li (pwomès ou fè pou w ranbouse konpayi ipotèk la). Li posib pou w defann tèt ou si pleyan an pa kapab pwouve Tribinal la ke ipotèk la ak kredi a sou non li eke li gen dwa mete poze sele sou kay la.

Lè mwen fin depoze Repons nan, pwochèn etap la, kisa li ye?

Pandan pwose poze sele a ankou, ou ta dwe kontinye eseye negosye ak konpayi ipotèk ou a oswa avoka konpayi an.

Si pa gen ankenn antant ki fèt, konpayi ipotèk la va depoze yon Mosyon pou yon Jijman Final. Dokiman sa fè Jij la konnen ke pa gen ankenn fèt pou dispite epi li mande pou Jij la fikse yon dat pou vann kay la. Si w resevwa yon Mosyon Pou Jijman Final eke ou pa dakò ak sa konpayi ipotèk la di a, ou ta dwe depoze yon Afidavi ki di ou pa dakò ak Jijman Final la. Yon Afidavi se vèsyon fè pa w yo. Pa ekzanp, si w pa dwe kantite lajan konpayi ipotèk la di ou dwe a, ou ta dwe ekri sa nan Afidavi ou a. Siyati w nan afidavi a fè konnen ke ou jire ke tout sa ou ekri yo

se la verite e ke yo kòrèk. Ou dwe siyen Afidavi a devan yon notè. Ou ta dwe depoze Afidavi a avèk Konmi Tribinal la epi poste yon kopi ba avoka a omwen senk jou anvan dat odyans Mosyon pou Jijman Final la. Kenbe yon kopi Afidavi ou a pou dosye w.

Ou va resevwa yon dat pou odyans la pa la pòs. Ou dwe ale nan odyans la. Pote yon kopi Repons ou a ak nenpòt lòt dokiman ou te depoze. Si w te depoze yon Afidvi, ou ta dwe pare w pou w eksplike fè ki an diskisyon yo. Si ou menm ak konpayi ipotèk la pa dakò sou fè yo, Jij la pa dwe pran yon Jijman Final epi ka a prale nan jijman nan yon lòt dat apre.

Si Jij la deside ke fè yo pa merite diskisyon, Jij la va antre yon Jijman kont ou epi l ap di Konmi a pou l fikse vant kay ou. Dat vant la sipoze fikse nan yon delè 35 jou , men ou kapab mande Jij la pou l fikse vant kay la a yon dat ki vin apre.

Kijan yon vant poze sele fonksyone?

Depi dat ki te 11 janvye, 2010, vant poze sele yo fèt sou entènèt a travè sit entènèt Konmi a nan <https://www.miamidade.realforeclose.com/>. Jijman Final Pwose Poze Sele a va fikse yon dat espesifik pou vant kay la. Lè sa vant la ap kòmanse sou entènèt la a 9:00 a.m. Moun pa bezwen vini sou plas pou fè òf yo pliske se se sou entènèt la òf yo ap fèt.

Lè kay la fin vann, èske mwen oblije demenaje toutswit?

Nouvo pwopriyetè a dwe tann 10 jou apre vant la anvan li kapab mande Tribinal la yon Manda pou retire w nan kay la. Yon Manda Posesyon se yon dokiman kote Tribinal la bay Cherif la lòd pou retire w ansanm ak tout byen ou nan kay la. Li ilegal pou nouvo pwopriyetè a chanje seri yo oswa koupe dlo, kouran pou fòse w demenaje.

Tribinal la pa kapab emèt yon Manda Posesyon nan aksyon pwose poze sele ki enplike kay rezidansyèl ki gen “*homestead*” oswa ki pa gen “*homestead*” san prèv ke yo te byen ba w tout dokiman pwose poze sele a. Yo dwe ba w yon avi pou yon odyans lè nouvo pwopriyetè a mande pou Manda Posesyon an epi dwe gen yon odyans devan Jij la. Ou ta dwe ale nan odyans la epi eksplike Jij la ou kab bezwen plis tan pou w kite kay la.

Èske mwen gen dwa pou m resevwa lajan kay mwen an vann nan yon pwose poze sele?

Lajan ki fèt nan vant kay la ap distribye dapre sa Jijman Final la te di. Si gen kòb ki rete, li posib pou w touche fon sa yo. Ou pa bezwen yon avoka oswa asistans pou w touche fon sa yo. Ou kapab kontakte Konmi Pwose Poze Sele ki nan Miami-Dade, 140 W. Flagler Street, Sal 1502, (305) 375-5943 pou detèmine si kay ou a te vann pou plis lajan ke ou te dwe. Si kay ou a te vann pou plis kòb ke ou te dwe ou gen dwa pou w resevwa kòb ekstra a. Sa rele yon “diplis.”

Èske mwen kapab deklare fayit pou m evite pwose poze sele a?

Ou kapab aplike pou Fayit Chapit 13 jiska jou vant la pou w anpeche yo vann kay ou a. Avèk jan de fayit sa ou dwe touche ase kòb chak mwa pou w reponn a depans nòmal ou chak mwa epi gen ase lajan ki rete pou w kapab mete w a jou nan peman ipotèk ou nan yon delè 60 mwa. Nan pi fò ka, lè ou aplike pou fayit la, pwosis pwose poze sele a sispann epi si gen yon vant ki te pwograme, li anile. Ou dwe ale nan konsiltasyon pou detè anvan ou aplike pou fayit la, donk ou pa kapab tann jou vant la pou w pran desizyon pou w ranplit Chapit 13 la. Ou ta dwe konsilte yon avoka ki regle koze fayit pou plis enfòmasyon. Ou kapab jwenn yon avoka ki reprezante konsomatè si w kontakte Asosyasyon Nasyonal Avoka pou Fayit Konsomatè <http://www.nacba.org/Home/AttorneyFinderV2.aspx>

Mwen deside mwen pa kapab kenbe kay mwen an. Ki opsyon mwen genyen?

Si w deside ou pa kapab pèmèt ou liks pou w kenbe kay ou, pa jis bay vag pou w pa peye. Si kay la vann nan yon vant pwose poze sele, ou riske pèdi tout enterè ou akimile epi andomaje kredi w. Men opsyon ou genyen:

- **Vann kay ou a**

Li posib pou w vann kay ou a menm apre yo fin depoze pwose poze sele sou kay ou a. Ou ta dwe konsidere opsyon sa espesyalman si w te gen kay la depi lontan oswa si kay la vo plis ke sa ou dwe sou ipotèk la. Ou ta dwe kontakte yon ajan imobilye ki gen yon bòn repitasyon pou ede w mete kay ou a la vant. Epitou ou ta dwe pran yon avoka pou revize tout papye vant la epi pou reprezante w nan lè ou jwenn vann kay la.

- **Vann kay la pou mwens kòb ke ou dwe**

Si w jwenn yon moun ki vle achte kay ou a, men moun nan pap peye w ase kòb pou w fin peye ipotèk la, ou kapab konsidere vann kay la pou mwens ke sa ou dwe a. Pa ekzanp, si moun nan deside achte kay la pou \$140,000 men ou dwe \$150,000. Nan ka sa, ou dwe kontakte konpayi ipotèk la pou wè si y ap aksepte bese kantite total dèt ipotèk la. Jeneralman, bank yo pap aksepte sa si w jwenn lajan nan vant la oswa si gen yon poze sele sou kay ou a deja.

- **Remèt Konpayi Ipotèk la papye kay la olye ou kite yo poze sele sou kay ou a**

Olye ke ou vann kay ou a, ou te kapab jis remèt konpayi ipotèk la papye kay la. Ou te ka vle konsidere opsyon sa si ou pa te akimile ankenn enterè sou kay ou a eke ou pa gen ankenn lòt fason ou ka evite pwose poze sele a. Si w fè sa, ou ka evite pèdi tan, enèji nan pwose poze sele a, epi evite ke ou gen yon jijman poze sele nan dosye w. Mentou, ou pa ta dwe fè sa amwen ke an premye lye ou jwenn konfimasyon a lekri nan men konpayi ipotèk la ke

ou pap dwe yo ankenn lajan ankò. Epitou, yo ka pa otorize w fè sa si ou gen lòt aksyon poze sele sou kay ou a. Ou ta dwe mande yon avoka pou l revize akò sa pou wou.

Si w chwazi vann kay la pou mwens kòb ke ou dwe oswa si w remèt konpayi ipotèk la papye kay la, li kapab afekte kantite revni ou rapòte ba IRS. Ou ta dwe konsilte yon pwofesyonèl ki nan domèn taks oswa ale nan seyans enfòmasyon ki fèt sou koze taks pou moun ki pa touche anpil kòb yo. Seyans enfòmasyon sou koze taks yo disponib sou sit entènèt sa (<http://www.irs.gov/advocate/>). Seyans enfòmasyon ke Legal Services of Greater Miami, Inc. fè pou moun ki pa touche anpil kòb yo kapab ede w tou konsènan konsekans sa kapab genyen sou koze taks ou si w remèt konpayi ipotèk la papye kay ou a oswa si w vann kay ou a pou mwens kòb ke ou dwe.

Èske mwen kapab refinance pou evite ke yo poze sele sou kay mwen an?

Wi. Si w refinance ipotèk ou a, ou va anpeche ke yo poze sele sou kay ou a. Si ou gen pwoblèm kounye a pou w peye kay ou, ou va vle tcheke pou wè si w kapab peye nouvèl ipotèk la. Nenpòt refinansman ou fè va ogmante kantite lajan ou dwe sou kay la. Si yo diminye anpil sou enterè kay la, li ka fè sans pou w refinance. Mentou, anpil opsyon refinansman ki parèt itil, dèfw a pi mal lè w gade de prè oswa se magouy. Fè yon moun ki gen anpil konesans nan domèn nan revize nouvèl kondisyon prè a pou wou anvan ou siyen.

Si ou gen 62 lane, ou kab vle konsidere opsyon ipotèk pou granmoun yo ki rele an Angle “reverse mortgage”. Se yon ipotèk pou granmoun ki pèmèt ou viv nan kay ou san ou pa peye ipotèk depi ou abite nan kay la. Kantite lajan ke ou kalifye pou li a baze sou laj ou ak kantite kòb kay ou a vo. AARP gen plis enfòmasyon sou sit entènèt yo a:

http://www.aarp.org/money/credit-loans-debt/reverse_mortgages/

Èske mwen kapab anile vant poze sele a?

Li posib pou w an mezi anile oswa chanje dat vant poze sele a pou rezon sa yo:

- Y ap konsidere w oswa w ap patisipe nan yon pwogram modifikasyon sou prè ipotèk ou a;
- Ou siyen yon kontra pou w vann kay ou a; oswa
- Ou siyen yon kontra pou w vann kay la pou mwens kòb ke ou dwe a.

An avril 2010, Tribinal Konte Miami-Dade te mete sou pye yon Kalandriye Prensipal pou Pwose Poze Sele kote yo tandè tout demand pou anile vant poze sele. Men kèk pwen ki soti nan bwochi tribinal la ki te date 24/6/10 sou koze anile vant kay yo poze sele sou yo:

Kondisyon pou mosyon pou anile vant la:

Ou dwe depoze mosyon yo avèk Konmi Tribinal la epi avoka lòt pati a dwe enfòmè anvan li ale nan tribinal.

1. Mosyon pou anile vant la dwe reprezante yon ijans tout bon, epi li dwe akonpaye pa bon jan rezon ki mete Tribinal la o kouran de sikonstans yo;
2. Mosyon pou anile vant la dwe akonpaye ak prèw oswa dokiman ki tabli rezon pou anile vant la;
3. Lòt mosyon ki vin apre pou anile vant la dwe adrese yon lòt baz pou anile vant la ki jistifye pou yo anile vant la yon lòt fwa ankò.

Tout mosyon pou anile vant la ki mande pou gen odyans ap fèt san randevou.

Pliske sal tribinal pou Kalandriye Prensipal pou Pwosè Poze Sele yo chanje de

tanzantan, tanpri tcheke Resepsyon an nan premye etaj Tribinal Konte Dade la ki nan 73 West Flagler Street pou jwenn sal pou Kalandriye Prensipal pou Pwose Poze Sele yo.

Gen yon moun ki te kontakte mwen pou l te fè mwen konnen ke li kapab ede m sove kay mwen an. Èske yo kapab ede mwen?

Lè yo fin depoze yon pwose poze sele kont ou ou va jwenn anpil òf k ap di yo va ede w “sove kay ou.” Ou ta dwe evite tranzaksyon ki fè konnen ke yon “envestisè” va pran kay ou epi ki di ou va “rejwenn kay ou” apre yon yon ti tan. Pi fò òf sa yo se magouy. Tranzaksyon sa yo pa janm reyisi epi konpayi an se sèlman lajan y ap chèche vòlè nan kay ou a ak chèche pran kay ou a.

Epitou ou pa bezwen anplwaye ankenn moun pou w jwenn yon modifikasyon sou prè ipotèk ou a. Gen anpil ajans USHUD ki sètifye nan Konte Miami-Dade ki kapab ede w avèk pwosesis modifikasyon an gratis. Ou kapab ale nan www.hud.gov pou w jwenn yon lis ajans ki apwouve epi ki pa chaje ankenn lajan oswa rele 888-995-HOPE (4673).

Se Legal Services of Greater Miami, Inc. ki prepare ti feyè sa. Adrès nou se:

Biwo Prensipal

3000 Biscayne Boulevard
Suite 500
Miami, FL 33137
(305) 576-0080

South Dade Law Center

11285 SW 211 Street
Suite 302
Miami, FL 33189
(305) 576-0080

www.lsgmi.org

Fevriye 2012